



Pou Piblikasyon Imedya: 01/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AVÈTI NOUYÒKÈ YO KONSÈNAN OGMANTASYON PRI ENÈJI EPI MANDE SÈVIS PIBLIK YO TRAVAY AK KLIYAN YO

Yo mande sèvis elektrik ak gaz yo travay ak kliyan k ap fè fas ak bòdwo kouran ki wo yo

Kanpay amelyore nan tout eta a pou konekte kliyan ki gen revni ki fèb yo ak pwogram asistans yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke regilatè sèvis piblik eta a te voye lèt kounye a bay tout gwo konpayi sèvis elektrik ak gaz New York yo ki egzije yo ogmante efò sansibilizasyon ak edikasyon anvè Nouyòkè yo pou ogmantasyon pri sèvis enèji k ap kontinye yo ak enpak li genyen sou bòdwo sèvis piblik yo, nan kad ogmantasyon nasyonal fakti sèvis piblik n ap obsève kòm rezilta ogmantasyon pri gaz natirèl yo. Anplis, Gouvènè Hochul te lanse yon kanpay amelyore nan tout eta a pou efò soulajman kont ogmantasyon yo pou kliyan ki gen ti revni yo jwenn aksè nan plizyè milyon dola èd ki disponib la.

"Ogmantasyon ekstrèm bòdwo sèvis piblik yo ke nou tout ap obsève a gen yon enpak grav sou bidjè fanmi nou yo, epi kòm repons, n ap fè aksyon," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te mande Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS) pou asire ke tout gwo konpayi sèvis elektrik ak gaz eta a travay ak kliyan yo, an patikilye, rezidan ki pi vilnerab nou yo pou pwoteje yo kont volatilite pri yo epi edike yo konsènan resous ki disponib pou yo."

Depans gaz natirèl, ki itilize pou chofe kay epi pwodui elektrisite yo, kontinye ap ogmante anpil ki abouti sou yon ogmantasyon ki enpòtan — kèk fwa ki plis pase double - fakti sèvis kouran elektrik ak/oswa gaz natirèl kliyan an pa rapò ak mwa anvan yo. Ogmantasyon fakti sa yo te enfliyanse pa yon ogmantasyon mondyal nan pri danre gaz natirèl yo akòz itilizasyon nasyonal ki pi wo akòz kliman ki pi frèt pase nòmal, aktivite ekonomik ki ogmante, ak demann entènasyonal ki ogmante pou gaz natirèl.

Nan dat 11 fevriye 2022, Komisyon Sèvis Piblik la te voye yon [lèt](#) bay Con Edison, pi gwo konpayi sèvis piblik eta a, ki ankouraje li verifye pratik faktirasyon li yo epi kominike pi byen ak kliyan li yo. Nan dat 25 fevriye, Con Edison [te reponn](#) epi li te di l ap ajiste

pwosesis faktirasyon li pou diminye chans pou gen volatilite ki enpòtan nan fakti kliyan. Con Edison te di tou li t ap amelyore kominikasyon li ak kliyan sèvis elektrik ak gaz yo.

Jodi a, PSC te voye [lèt](#) bay tout lòt gwo konpayi sèvis elektrik ak gaz eta yo pou mande yo pran mezi pou kominike nan fason pwo-aktif, pwoteje kliyan yo, epi diminye risk enpak depans kote sa posib, ki enkli atravè divès metòd acha ak repons, epi tou fè pwomosyon plan ak pwogram asistans pou pèman kliyan yo pou diminye itilizasyon kouran. Gouvènè Hochul te mande founisè mazou ak gaz pwopàn yo akote pou yo aktif tou nan sa ki gen pou wè ak sansibilizasyon kliyan an sou opsyon pou diminye fakti chofaj lakay yo.

Diminye depandans New York nan konbistib fosil yo nan fason agresif

Ogmantasyon resan nan depans apwovizyonman kouran se yon rapèl ki douloure ke Eta a rete depann twòp de konbistib fosil yo pou reponn ak bezwen enèji nou. Depandans sa sou konbistib fosil yo ap kontribye nan chanjman klimatik ak polisyon lè, men, jan eksperyans sa montre, l ap ekspoze konsomatè yo ak varyasyon pri mondyal global yo. Nou dwe kontinye travay pou fè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act) avanse alafwa pou diminye emisyon gaz efè sèr yo epi redui depandans nou sou konbistib fosil yo ki mennen nan varyasyon pri ki dramatik ke nou te konnen sezon ivè sa.

Pandan New York ap vanse vè yon ekonomik ki pi vèt, pi pwòp, Gouvènè Hochul ap fè investisman ki enpòtan pou divèsifye sous konbistib pou elektirisite yo atravè enèji renouvlab pou diminye depandans eta a sou gaz fosil yo epi estabilize depans enèji yo. Lè nou rekonèt dimansyon kriz klimatik la, Gouvènè Hochul te anonse ajennda anbisye sou enèji renouvlab ak ajennda travay nan diskou [sou Sitiyasyon Eta a an 2022](#) a ek pwopozisyon [Bidjè Egzekitif](#) la. Ajennda sa genyen ladan l pwochen demann devlopman ewolyèn zòn kot la; yon investisman 500 milyon dola pou enfrastrikti pò ewolyen nan zòn kòt ak chèn apwovizyonman; Reyalizasyon 2 milyon kay ki ekolojik, ki elektrifye oswa ki pare pou elektrifikasyon vè 2030; anime mache a pou nouvo teknoloji enèji pwòp tankou idwojèn vè; epi asire kreyasyon travay kalite vèt.

Plizyè milyon dola nan asistans pou sèvis chofaj disponib

Pou abòde ogmantasyon nan pri sèvis yo, Gouvènè Hochul te lanse jodi a yon efò amelyore nan tout eta a ki dirije pa Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS) ak Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikape a (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pou sansibilize sou divès pwogram eta a ki disponib pou ede Nouyòkè yo peye depans chofaj ak sèvis piblik yo. Pwogram sa yo ap ede evite entèripsyon sèvis ki posib pandan tout rès sezon ivè a. Pwogram sa yo enkli:

- Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la (Home Energy Assistance Program, HEAP), ki ka bay pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye yo jiska 751 dola, tou depann de revni yo, kantite moun ki nan kay la ak fason yo chofe kay yo. Yon fanmi ki gen kat moun ka gen yon revni masyèl brit

maksimòm ki se 5,249 dola oswa yon revni anyèl brit ki se 62,983 dola epi yo toujou kalifye pou jwenn avantaj yo. Jiska prezan, fanmi ki kalifye yo te resevwa benefis HEAP regilye 1.5 milyon, ki bay yon total 216 milyon dola.

- Eta New York ap bay tou 250 milyon dola nan finansman federal siplemantè fanmi ki gen revni fèb yo peye aryere sèvis chofaj yo jiska 10,000 dola pa fanmi. Jiska prezan yo te bay prèske 115,000 benefis Aryere Siplemantè Regilye, epi yo te peye 183 milyon dola nan aryere pou fanmi ki kalifye yo.
- Yo te mete disponib 90 milyon dola nan atravè HEAP ijans pou ede Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo ke yo te dekonekte chofaj lakay yo oswa pou pa fini sous chofaj pandan ogmantasyon pri gaz la. Aktyèlman, 58 milyon dola finansman rete disponib pou ede Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo evite yo dekonekte chofaj nan kay yo oswa konsome sous chofaj yo pandan ogmantasyon pri gaz nan sezon ivè sa a.
- Yon ogmantasyon nan bidjè pwogram Politik Enèji ki Abòdat (Energy Affordability Policy) pou tout eta a, pa PSC a nan 2021 an soti nan 237.6 milyon pou pase a 366.7 milyon ak kalifikasyon ki ogmante, ki abouti sou apeprè 95,000 kliyan ki gen revni ki fèb oswa revni mwayen k ap kapab resevwa benefis. Depi septanm 2021, sèvis piblik yo te bay apeprè 183 milyon dola rabè sou fakti pou kliyan ki kalifye yo.
- Opsyon peman bòdwo yo: Konsomatè rezidansyèl yo ka mande founisè sèvis piblik yo ransèyman sou opsyon bòdwo ki pèmèt peman difere oswa 'bòdwo bidjetè' pou egalize bòdwo sèvis piblik ki pi wo nan yon sezon epi ki pi ba nan yon lòt. Li pral tou modènize sistèm vòt antikite New York lan pou fè li vin pi fasil pou moun vote.
- Pou fanmi ki gen revni ki ba k ap fè fas ak sitiyasyon san chofaj, OTDA ap aksepte tou aplikasyon pou benefis pou reparasyon oswa ranplasman ekipman chofaj. Pwopriyetè kay ki elijib yo kapab aplike kounye a pou jiska 3,000 dola pou reparasyon oswa 6,500 dola pou ranplasman yon fou, yon chodyè oswa lòt ekipman chofaj dirèk ki nesèsè pou kenbe sous chofaj prensipal kay la an fonksyon. Anplis de sa, kay ki elijib yo ka resevwa sèvis efikasite enèji, ki gen ladan netwayaj ekipman chofaj prensipal yo pou pèmèt li fonksyone san danje epi yon fason efikas. Fanmi ki enterese yo [aplike nan kontak HEAP lokal yo a](#).

Anplis asistans pou peye bòdwo a, nou ankouraje kliyan yo enskei nan pwogram efikasite enèji yo pou ede diminye konsumasyon enèji yo, diminye fakti yo toutotan tan ap pase, epi emelyore sante, konfò ak sekirite kay yo. Rezidan yo ka aprann plis sou pwogram ak resous ki disponib yo nan www.energyadvisor.ny.gov oswa <https://hcr.ny.gov/weatherization>.

Prezidan PSC a Rory M. Christian te deklare, "Byenke PSC ak sèvis piblik yo pa ka kontwole pri yo, sèvis piblik yo ka ranfòse kominikasyon yo ak konsomatè yo pou asire

ke y ap ofri tout pwoteksyon pou kliyan ki posib epi sansibilize yo sou chak pwogram asistans ki disponib."

Komisè Pa Enterim OTDA, Daniel W. Tietz, te deklare, "Wos nan pri kouran yo te afekte chak moun, men sa te patikilyèman difisil pou fanmi ki gen revni ki ba yo, fanmi k ap travay ak Nouyòkè ki aje yo. Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la ka bay soulajman ki vital pou fanmi ki kalifye yo k ap fè fas ak yon pataj bidjè famiyal ki pi elve ki ale nan fakti chofaj yo pandan mwa fredri sezon ivè sa yo."

Ogmante Edikasyon ak Sansibilizasyon Konsomatè

PSC ak DPS ap kontinye avèti kliyan yo aktivman de ogmantasyon yo prevwa nan pri sèvis yo, enpak ki posib nan bòdwo sèvis piblik kliyan yo, ak pwogram asistans ki disponib yo. Efò sa yo, nan kowòdinasyon ak sèvis kouran ak gaz eta yo, ap genyen ladan yo, kominike pou laprès, bilten enfòmasyon, fòmasyon reprezantan sant apèl, videyo YouTube, ak pòs sou rezo sosyo.

Anplis, DPS ak sèvis piblik yo ap kontinye fè kliyan yo sonje pwoteksyon konsomatè ki anplas dapre Lwa sou Pratik ki Jis pou Enèji nan Kay Eta New York la (New York State Home Energy Fair Practices Act), ki gen pwoteksyon konplè pou kliyan rezidansyèl yo konsènan sèvis piblik yo. Dwa sa yo enkli opsyon pou peye bòdwo an vèsman, yon limit sou frè anreta yo, ase avi anvan yo fèmen sèvis yo, ak pwoteksyon pou moun ki gen yon revni fiks oswa ki gen pwoblèm medikal yo. Pran enfòmasyon sou sa yo nan DPS nan [AskPSC](#).

OTDA kontinye ap travay ak patnè gouvènman lokal, sèvis piblik ak founisè chofaj yo pou asire ke fanmi ki gen chans kalifye yo okouran de asistans ki disponib pou ede Nouyòkè yo fè fas ak depans chofaj ki wo yo.

PSC angaje pou asire ke kliyan yo okouran de pwogram sa yo pou resevwa asistans ak enfòmasyon yo bezwen pou jere fakti enèji yo nan fason ki efikas. Pou plis enfòmasyon sou efò preparasyon ak pwogram asistans sa yo, tanpri, ale sou www.dps.ny.gov/winter. Pou enskri nan pwogram rabè sou bòdwo sèvis piblik Politik Abòdabilite nan Enèji a, kliyan yo ta dwe kontakte sèvis piblik endividyèl pa yo:

Kliyan Con Edison yo: [Con Ed](#)
Kliyan Orange ak Rockland yo: [O&R](#)
Kliyan National Grid yo: [National Grid](#)
Kliyan National Fuel Gas yo: [NFG](#)
Kliyan PSEG-LI yo: [NYSEG](#)
Kliyan Rochester Gas & Electric yo: [RGE](#)
PSEG-LI Customers: [PSEG](#)
Kliyan Central Hudson yo: [CH](#)

Pou plis enfòmasyon sou pwogram asistans OTDA ki disponib yo, tanpri vizite <https://otda.ny.gov/programs/heap/>

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)